Puntadewa

Prabu Puntadewa iku ratu ing Ngamarta. Putrane Pandhu Dewanata lan ibune Dewi Kunthi. Garwane Puntadewa aran Dewi Drupadi. Peputra Raden Pancawala. Puntadewa nggadahi watak jujur, ora tau nesu, lembah manah, lan seneng ngalah. Puntadewa kagungan getih putih utawa diarani ludira seta lan jiwa suci.

Puntadewa kuwi pambarepe Pandhawa, kagungan kasekten kang linuwih. Puntadewa duwe pusaka kang ampuh aran Jamus Kalimasada. Pusaka mau awujud kitab kang bisa nguripake wong sing wis mati.

Prabu Puntadewa asmane akeh ana sing nyebut Yudhistira, Gunatalikrama utawa Prabu Darmakusuma. Sakjrone dadi raja, Prabu puntadewa tansah tumindak adil lan ngutamakake kepentingane rakyat lan ora sewenang-wenang. Mula negarane gemah ripah loh jinawi.

Wangsulana pitakon ing ngisor iki !

1. Sapa jenenge liya Puntadewa ?
   Jawab : .....

2. Sapa Asmane bapake Puntadewa?
   Jawab : .....

3. Sapa asmane ibune Puntadewa?
   Jawab : .....

4. Apa gamane Puntadewa?
   Jawab : .....

5. Ratu ing ngendi Puntadewa kuwi ?
   Jawab : .....

6. Kepriye watake Puntadewa ?
   Jawab : .....

LIVEWORKSHEETS

7. Puntadewa iku putra nomer pira?

   Jawab : .....

8. Sapa asmane garwane Puntadewa?

   Jawab : .....

9. Apa keluwihane kitab Jamus Kalimasada?

   Jawab : .....

10. Kepriye tumindake Puntadewa nalika dadi raja?

    Jawab : .....

LIVEWORKSHEETS